



# DONE OU DWA OU

Bank alimentè sa a ap pase nan yon sistèm elektwonik pou anrejistre kliyan yo. Sa vle di tout enfòmasyon nou te pran sou papyè anvan pral konsève kounye a nan yon sistèm elektwonik. Sa a se yon gwo chanjman pou bank alimentè sa a, pou Food Bank a, epi sa pi enpòtan pou ou tou! Nou te eseye reponn kesyon ou yo anba a. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon, tanpri pale avèk anplwaye ki nan bank alimentè lokal ou.

## KISA NOUVO SISTÈM NAN YE MENM?

Sistèm nan rele **Service Insights**. Se yon sistèm dijital k ap fè li pi fasil pou bank alimentè yo konprann kominote yo epi amelyore sèvis yo.

Kèk manje nan bank alimentè sa a soti nan gouvènman federal avèk yon pwogram ki rele TEFAP. Gouvènman an egzije moun ki resevwa manje TEFAP pou yo ranpli yon sèten dokiman administratif. Avèk Service Insights, pwosesis sa fèt sou fòm elektwonik kounye a. Nou pral konsève enfòmasyon sou kalifikasyon ou pou TEFAP an sekirite nan yon sistèm elektwonik olye sou papyè.

Bank alimentè ou pral ba ou yon kat bakode apre ou bay enfòmasyon ou yo. Bank alimentè sa a (ak nenpòt bank alimentè ki itilize Service Insights) kapab eskane kat sa a pou anrejistre vizit ou yo byen vit pidevan. Ou bezwen yon sèl kat kèlkeswa nan kantite bank alimentè ou ale; nou p ap janm itilize Service Insights pou limite kantite bank alimentè ou ka vizite.

## KI ENFÒMASYON MWEN BEZWEN BAY?

Pou resevwa manje TEFAP, n ap bezwen kèk enfòmasyon sou ou ak moun k ap viv lakay ou.

- Non ou
- Kantite moun k ap viv lakay ou
- Si ou deside resevwa sèten avantaj piblik, tankou SNAP oswa TANF
- Adrès ou
- Revni moun k ap viv lakay ou

N ap mande ou kèk lòt enfòmasyon tou, tankou preferans dyetetik ou, men ou pa oblije reponn epi sa p ap gen konsekans sou patisipasyon ou nan TEFAP.

## POU KISA CHANJMAN AN?

Bank alimentè a ap travay avèk Capital Area Food pou fè pwosesis admisyon an vin pi senp. Si ou reponn kèk kesyon sou oumenm ak moun lakay ou, w ap ede bank alimentè sa a pase plis tan pou sèvi ou, ak mwens tan nan ranpli dokiman administratif. Bank alimentè sa a kapab itilize kantite moun nou sèvi yo pou ede yo fè aktivite ranmasaj lajan epi pou fè kominote a konnen travay yo.

## ÈSKE MWEN PRAL GEN POU FÈ SA CHAK FWA?

Non. Itilizasyon Service Insights ap pèmèt nou konsève enfòmasyon ou yo sou fòm elektwonik epi sa ap pèmèt ou fè vizit pidevan yo pi vit.

N ap sèlman mande ou pou verifye ak modifiye enfòmasyon ou yo tanzantan. N ap mande ou pou verifye kalifikasyon ou pou TEFAP chak ane pou moun k ap viv nan DC ak Maryland, epi chak dezan pou moun k ap viv nan Virginia.





# DONE OU DWA OU

## PWOMÈS CAFB KONSÈNAN DONE OU

### **N ap trete ou ak enfòmasyon ou avèk diyite ak respè.**

Tout repons ou bay yo ap rete konfidansyèl. Si ou pa vle bay enfòmasyon ou yo oswa si ou santi ou pa alèz pou reponn nenpòt kesyon, n ap ba ou sèvis yo kanmenm. N ap fè repons ou yo konfyans, epi nou p ap trete ou yon fason diferan si ou chwazi pou pa patisipe. Si ou pa vle patisipe nan Service Insights, ou ka chwazi pou bay enfòmasyon konsènan kalifikasyon ou sou yon fòm an papye.

### **N ap kenbe enfòmasyon ou yo an sekirite ak pwoteje.**

N ap konsève enfòmasyon ou yo avèk mezi sekirite dènye modèl. Nou p ap janm divilge enfòmasyon pèsònèl ou, enfòmasyon endividyèl ba okenn moun ki deyò rezo patnè sa a, sof pou nou satisfè demann ajans nan eta ou ki sipèvize TEFAP. Service Insights gen nòm sekirite ki sevè anpil, epi itilizatè yo kapab sèlman wè enfòmasyon yo bezwen wè. Anrejistreman enfòmasyon yo nan fason sa a pi an sekirite pase anrejistreman yo sou papye. Nou p ap **janm** divilge enfòmasyon pèsònèl ou ba ajans tankou biwo lapolis oswa sèvis imigrasyon.

### **N ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou bay pi bon sèvis yi pou ou.**

Si ou ban nou enfòmasyon debaz ou yo, w ap ede nou adapte sèvis nou yo pi byen pou bezwen kominote a. Nou p ap itilize enfòmasyon sa yo pou kontwòle aktivite endividyèl ou oswa pou limite sèvis n ap ba ou yo. Food Bank p ap janm itilize enfòmasyon ou yo pou objektif maketing oswa komèsyal. Nenpòt moun ki ka wè enfòmasyon ou yo ap wè yo sèlman pou anrejistre sèvis nou ba ou yo oswa pou modifiye pwofil ou. Bank alimantè nou ak Food Bank kapab itilize rapò pou chèche tandans epi pou aprann plis sou kominote a. Rapò sa yo epi yo p ap janm endike enfòmasyon pèsònèl ki kapab idantifye ou.

#### ***Ou gen kesyon oswa enkyetid?***

*Ale sou sitwèb [www.capitalareafoodbank.org/insights](http://www.capitalareafoodbank.org/insights) oswa imèl nou nan [ServiceInsights@capitalareafoodbank.org](mailto:ServiceInsights@capitalareafoodbank.org)*